




# ÈSKE YON RANDEOU AK YON ESPESYALIS JENETIK AP BON POU TIMOUN OU AN?

Pafwa se chanjman nan jèn nou yo ki lakozi pwoblèm sante yo.

**Espesyalis jenetik** yo ede fanmi yo konnen si  
chanjman jenetik yo ka esplike pwoblèm sante timoun yo.  
Yo ka ede fanmi yo jwenn aksè ak swen ki apwopriye yo.

**Yon vizit kay yon espesyalis jenetik ka itil si ou enkyete w pou timoun ou an ki gen pwoblèm...**




## oswa si...

- Yo di oumenm oswa patnè ou a gen plis chans pou gen yon timoun ki gen pwoblèm sante
- ou gen yon moun nan fanmi w ki gen yon maladi jenetik
- ou panse pwoblèm medikal fanmi ou an ka gen yon esplikasyon jenetik

**Eskane kòd QR la oswa vizite sit entènèt nou an pou w ka jwenn repons ak kesyon yo souvan poze yo tankou:**

- ✓ Kòman yon randevou ak yon espesyalis jenetik ka ede timoun mwen an?
- ✓ Kisa ki pase nan randevou jenetik yo?
- ✓ Ki enfòmasyon mwen dwe rasanble anvan mwen rankontre yon espesyalis jenetik?
- ✓ Kòman mwen ka jwenn yon espesyalis jenetik nan zòn mwen an?
- ✓ Ki kote mwen ka jwenn resous pou paran?



<https://nymacgenetics.org/maryland/>



[nymacgenetics.org](http://nymacgenetics.org)

[facebook.com/NYMACGenetics](https://facebook.com/NYMACGenetics)

[bit.ly/NYMACyoutube](https://bit.ly/NYMACyoutube)

New York Mid-Atlantic Caribbean Regional Genetics Network (NYMAC) la pou ede fanmi yo jwenn aksè ak sèvis ansanm ak enfòmasyon jenetik yo bezwen yo.